Cod Or 10.482

1.

DANGDANG IRĔNG ( M.S.Or. 4175), Ju. I 270

1 a/. Makati emut pĕtĕng bingung denyangraṣa.

1. Laku tĕngah i wana dri, amanggih gurdha sanunggal, arobrob lintang agĕnge, asandi guwa ning macan, pahuban ing mong pĕtak, ika pong kalane suhung, lunga doh parane mangça.

2. Irika raäden dewī, angawuba sor ing gurdha, lan para kaka kakane, apan pada kalĕsonan, tan kĕna tadah toya, malah la (??), awali tan wruh ing laku, sayan doh parane lunga.

3. Asuwe raäden dewī, anganti norana prāpta, wong titiga ngulati woh wohan, ndan ken Bayan umatur dewa susuhunan, kawula amit pukulun, angulati wohwohan.

4. Ni ken Sanggit rewang mami, adan linggar kalih sira, nusup pada ngulati woh, norana mangguh wohwohan, sayan adoh parannya, Bayan Sanggit arĕp wangsul, lali tan uningeng mārga.

5. Lakunira akuliling, rāden dewī kawarṇaa, ingĕmban dening iñane, aduh mirahingsun ñawa, andika mĕdun dewa, kawula lunga angruruh, kaka kaka ndika tuwan.

6. Darapone aglis prāpti, nora doh paran kawula, aja ndika wĕdi ngkene, pan kawula glis wangsula, ndan sudewi tumĕdak, ring gwan ing macan linungguh, lingira maring ken ĕmban.

1 b/. 7. Awlas asih saha tangis, aduh iñaningsun aja, lama lunga den pun age, wangsula pan ingsun wĕdya, iña salwur karuṇa, singgih sandika pukulun, ndan iñanĕngah ring alas.

8. Sarwi anguwuh uwuhin, para kaka kaka nyalunga, linge apa ta karane, sira nora pada prāpta, palah surup hyang arka, mangkana linge anguwuh, nora kang namhung ing thujar. (ujar??)

9. Kemĕngan twase tan sipi, pun iñaharṣa baliya, anging tambuh ing lakune, amarani tuwanira, linud eng kapĕtĕngan, sang sudewī kang kawuwus, kang aneng guwa ning macan.

10. Wĕdinira tan sinipi, anangis saha sasambat, duh iña apa karane, sira linga nora balya, lalis tĕmĕn ta sira, anilari rāganingsun, kari dawak kawlasarṣa.

11. Nĕngakna rāden dewī, nagareng Daha kawarṇna, rādyan dewī saicale, geger punang wong nagara, yaya rena kantaka, anglilir malih kaantu, tinulungan ing pawongan.

12. Anglilir çrī narapati, ṃwah ikang prameçwara, anglilir saha tangise, wong ing jro milwa amular, ndan sang prabhu lungaa, angulati punang sunya (verschr. van sunu???), wadwa Daha akĕrigan.

13. Angulati rāden dewī, siyang latri ngulatana, ri tĕgal i sigrong sigrong, ring dungus i parang para, ring wana kajajahan, minggah tumĕka ring gunung, sang ilang nora kapĕndak.

2a/ 14. Wus rahina n dawuh kalih, ken ĕmban lan kaka kaka, pada kapanggih sakehe, marĕk maring çrī narendra, ature wus tinata, tingkahe ilang kang sunu, anututi kindrang ĕmas.

a/d kant kiñjĕng.

15. Lan tingkahe ring wanadri, marmane ninggal eng rādyan, pada angulati/awoh, sing lunga pada kasasar, tan wr' ïng mārga waliya, ring prĕnahe rāden Galuh, mangkana pada aturnya.

16. Sang prabhu ngandika aris, yan mangkana walenana, tuju kna ing prĕnahe, nanak Galuh den aenggal, adan prasama linggar, prakaka lumakw ing ayun, ingiringan ing akatah.

[ngayam alas???]

17. Ararantaban ngulati, pada nusup ngayam ayam, anging tan kapanggih rĕko, guwa prĕnahe raādyan, malah surup hyang arka, sang sudewi tan katĕmu, pada ngwangsul kang angrarah.

sadaya??

18. Araryan pan awus wĕngi, alĕlĕson pada ya, sang prabhu lintang emĕnge, tan wr'ïng rehaning wṛdaya, kadrĕsan ing sungkawa, tan eca ring tadah turu agĕng kepuhan çrī nātha.

---

Puh Sinom.



## Puh Sinom.

1. Nĕngakna çrī narendra, kawuwusa sang Sudewī, ana ring guwa ning macan, mong kang lungha mangça prāpti, pada miharṣa tangis, mong pĕtak lumakweng ayun, katingalan raādyan, sumunung cayanireki, kaslĕhan dening prabha sang hyang candra.

2. Macan pĕtak pan angraṣa, yen atmaja ning wong lĕwih, pan sira waspadeng tingal, sang mong pĕtak angling aris,

ih?

tih sira mṛgapati, sadaya sun asung wĕruh, yeku putri ring Daha sira sama angĕmiti, aja parĕk nggonira depun atĕbah.

2b/ 3. Manawa raādyan kagyat, mṛgapati sawur pakṣi, lah iya ya wujarira, masa ambaha lwir wani, nĕngakna mong putih, hyang sūrya sira kawuwus, agatĕl rāganira, tan eca ring tadah guling, mĕnggah mangsah sadalu tumĕkĕng siyang.

4. Anuli sira ngandika, eh kulabang depun aglis, undangen sira ki atat, konĕn merene den aglis, yata kulabang aglis, angundangi tan asantun, sira ki atat prāpta, ing ayune sang hyang rawi, sang hyang sūrya ngandika ring sira atat.

5. Eh kita sira ki atat, lunga mingsor aniliki, anak putu ngwang sadaya, manawana mamanggih wiṣṭi, atawa manggih gĕring, karane awak ingsun agatĕl awuyanga, tan eca ring tadah guling, ana uga ingsor anmu sangkala.

6. Ndan ki atat amit sira, umijil ndatan asari, mantuk maring karokongnya, hañangiraga hañĕpi, wus surup sang hyang rawi, ki sira tat ika mĕtu/marĕk ing sang hyang sūrya, matur saha minge liring, singgih pukulun wus maring Daha.

1? 7. Suta tuwan rāden dewya, amba manggih yagy anangis arohara harṣa dahar, kĕtan sangah animpali, kalapa lawan gĕndis, sang hyang sūrya ndan sumawur, nista tĕmĕn konāta, tanuhuki putra siji, lah ni topong sangku sira glis akārya.

8. Kĕtan sangah gula klapa, kiriman anak putrī, ndan

3a/ ni Topongsangku enggal, añah kĕtan wus dadi, kalapa

ngah

lawan gĕndis, wus winadahan rinajut, sinrah eng ring
ki atat sang hyang sūrya ngandika ris, iku gawawehana
ring putrī Daha.
9. Ndan siratat amit sira, sada bot nggawa pakirim,
mantuk maring karongkongnya, pakirim depun cacari, ring
anak putu rabi, pada sukha kang ingĕdum, kocapa n
sang hyang Sūrya, talĕra yan kenak ragi, pan angraṣa
yen sira ki atat nungkak.
10. Dangdang x irĕng ingandikan, tan asuwe nuli prāpti,
sang hyang Sūrya ingandika, dangdang irĕng sun akoni,
mingsor aniniliki, maring anak putuningsun, manawa ana
lara, angganingsun iki gnit, mĕnggah mĕngsah tan eca
turu anadah.
11. Dangdang irĕng amit sira, mibĕr mingsor akuliling,
sakweng deça pinaranan, tan apa kewĕh nagari, ana ambu-
buñcingi, angadekĕn joged gambuh, amung nagareng Daha,
pada wĕnĕs wong nagari, tuwanira ilang norana kasrĕpan
12. Lah iya rama reṇanya, amungun kandĕhan kingking,
kalinga lali ring rāga, ndan ananaturwambhukti, sina-
mbat siyang latri, tan lyan mung raāden Galuh, ilang
norana warta, tingkahe kang yayah bibi, nora binalwir
wong edan karungrungan.
13. Prĕnahe rāden dewya, mirĕngwa swara ning tangis,
asrĕt swara ahirit, dangdang irĕng prāpteng ayun, na-
lingnira?? nira sang ṃong pĕtak, dangdang irĕng angling aris,
3b/rare paran dera tunggu iki pada.
14. Ring mong pĕtak pahurira, dangdang irĕng wruhaneki,
putrīne ratu ring Daha, kasasar mulane riki, ḍangdang
engsun?? irĕng lingnya ris, yengsan iki pan ingutus, denira
sang hyang Sūrya, akulngling eng nagari, manawy ana ra-
tu amanggih kalaran.
15. Iki baya mulanira, sang hyang Sūrya gatĕl ragi,
dina ratrya tan sah mĕngsah, noreca ring tadah ḫuling,
sang mong lingira aris, estu kayojarireku, mangko ta
glis matura ring sang hyang pratanggagni, kni sira a-
potusan ngambilana.
16. Sang sudewī sun tan ñandang, angĕmiti aneng riki,



?? nhĕn luwengsun tan ñandangm masa tan karaseng ati
dangdang irĕng nawuri yan mangkana ingsun mantuk,
karya kene sira, den prayatna angĕmiti, dangdang
irĕng muluk sira ring ambara.
17. Wus mañjing lawang akaça, wayahe pan sampun wĕngi,
dangdang irĕng marĕk sira, ring sang surya aturnya
ris, sampun tinata ĕnti, sawuwuse ring mong wahu anu-
lya sang hyang Sūrya, bintang bikarong den sengi, lah
bintang bikarong lunga maring sora.
18. Dangdang irĕng rewangira, angambila putra mami,
ana ring guwa ning macan, hintang bikarong nuly amit,
4a/ dangdang irĕng x pan amit, karonya mingsor anuju,
ring gone rāden dewya, kapanggih pakṣi anangis, agu-
linga ring lĕmah pan akalĕswan.
19. Bintang bikarong angucap, duh mas mirah ingsun
singgih, kawula ingutus dewa, deni ajindika singgih,
ngsun gawa maring langit, rāden Galuh asawurluh, lah
iya sangandika, masengsun langghane kāptiṃ ndan ingĕ-
mban sudewī dening utusan.
20. Muluk maring awang awang, tumka mring awang la-
ngit jumrojog mantuk eng pura, sang hyang Sūrya ani-
ngalin, atmaja lintang asih, anulya aglis rinangkul,
sarya ingaras aras, mogha sira weta urip, lah ing ke-
ne sira ñawa anak ingwang.
21. Sĕkul ulam wus cinadang, katura ring sang sudewī,
adan adahar raādyan, jinangka pambhuktineki, apan ka-
lĕson lami, nora kna tadah kinum, mangkana tingkahira
x katur dahar sang sudewī, esuk sor hyang ingaras xx
aras kang rama.
22.Winastan Candrakiraṇa, sampun waluya sang putrī,
kadi jĕnar paçarīra, topong sangku nglaladeni, kadi
anak sawyakti, asihnya ring rāden Galuh, mangkana
salamanya, malah tĕkeng pitung warṣi, sang hyang
Sūrya lintang sihe maring putra.
23. Cinarita kala nira, sang hyang Sūrya ngarat rawi,
pan wus adoh paranira, ni Topongsangku kawarni, ma-

/Jekmana salamanya, mulah/

tur eng sang Sudewī, angapa tingkah pukulun, kinasihan ing rāma, durung ndikakna runtik, sawur ing dyah durung ingsun karuntikan.

24. Topongsangku aturira, yan mangkana sang sudewī, botĕn tulus sih ing rāma, anikanireku singgih, cinane yan mulus sih, andika rinuntik masku, apan sinungsut karṣa, dudu kadi ring dunyeki, ing jro miçra ing jawine rinuntikan.

25. Yan ing jrone rinuntika, ring jaba miçra tan sipi, mangkana dewa jātinya, an tuwan ayun kinasih, tuwakĕn punang pakṣi, kang kuruhan kañcaneku, kang warṇa wulu pĕtak, darapone lunga sami, ndika tuwan ora wande rinuntikak. (n?)

26. Sang sudewī pan angraṣa, ature sinĕngguh wyakti, tan angraṣa kahupāya, sang sudewi adan aglis, anguwakana pakṣi, sadaya kang pĕtak wuluk, ndan kocap sang hyang Sūrya, sande kala praptĕng purī katingalan ka kurungan samya mampak.

27. Pakṣine norana rika, sang hyang Sūrya taken aris, e ni Topongsangku sapam anguwaka punang pakṣi, ni Topongsangku nuli, matur sarwya awot santun, kawula tan uninga, nawi suta patik aji, sang hyang Sūrya ataken mara ing putra.

28. Sapa nini nguwakana, pakṣi pĕtak aneng riki, sang sudewī sawur sĕmbah, amba uni anguwaki, sang Sūrya sawur mengis, angrangkul angaras u...na ruditeng nala, langkungwĕngi warṇa n eñjing, sang hyang Sūrya ngaratrawi kadi saban.

5a/ 29.SAlungane sang hyang Sūrya, Topongsangku matur aris, ring sang dewī duh pangeran, angapa ta tuwan uni, ingasih tawa runtik, aji andika pukukulun, sang sudewi lingira,boya rinuntikan kami, kadi saban asihe bapa maring wang.

30. Topongsangku aturira, yan mangkana sang sudewī, andika ucul sadaya, wong kang naraka kinuñci, kang ana jro ning kaling, mwah kang ingobor iku, kang



munggw ing jro jambangan, iku uculana sami, darapone tuwan dinukeni rama.

31. Sang sudewī sawurira, lah iya sakrĕṣaneki, mangkengsun ucul sadaya, sang sudewī ndan lumaris, ring wingkinganing puri, wong sinikṣa pan katĕmu, agulaya ana ngrak, sasambate amlas asih, sang sudewi angungkab kaling sadaya.

32. Atma mĕdal pakulijah, bungahe ndatan sinipi, atma kang aneng jambangan, ingangkidan sadayeki, sawuse ngucul sami, marĕk ring raāden Galuh, sami sawot sĕkar pamujine tan sinipi, yan tan tuwan asih dumatĕng kawula.

33.Masa kahula ucula, sang sudewī ngandika ris, lah sira lungaa pada, den aglis saparaneki, si rāma age prāpti, manawa sira katĕmu, tunwan den alikakan pinañjing nara malih, punang atma amit pada saha sĕmbah. naraka??

34. Lunga ngungsi sakarṣanya, sa sudewī angapuri, warṇanĕn surup hyang arka, sang hyang Sūrya sampun prāpti, kawah kang tiningali, daginge pan samya suhung, aglisi mantuka, ni Topongsangku sinengin,tinakonan sapa ikung uwakana. 5b/

35.Topongsangku sawur sĕmbah, kawula botĕn udani, nawi anak jĕng andika, pan uni sangkaning yawi, sang Sūrya taken aris, dumatĕng raāden Galuh, sapa nini ngwakana, wong kang aneng koñcareki, sang sudewī mĕndĕk sira saha sĕmbah.

36.Singgih bapa wong naraka, kawula uni nguwaki, lintang wlas amba miharṣa, sasambate amlas asih, tangise jĕrit jĕrit, iku karanamba ngucul, sawur mengi sang Sūrya, tan dadi ruditeng ati, rinangkula sutane ingaras aras.

37.Nĕngakĕna punang latrya, kocapa kang punang eñjing, sang hyang sūrya sampun lunga, angatĕri punang rawi, Topongsangku kawarṇi, umatur ing rāden Galuh, angapa uni tuwan, ingasih tawa rinuntik, dening rāma aji jĕng andika tuwan.

38. Sang sudewī sawurira, ingsun tan uningeng kāpti,

bapajar marareringwang, polahe kadi rimihin, yen prāpta yen lunganim ingsun ingaras pinangkul, singgih

atulus? lamon mangkana, rama twan tan awulus asih, awĕwĕka dumatĕngandika tuwan.

39. Ana kari tuwan pinta, dumatĕng jĕng rama aji,

6a/ tuwan pinta amilĕt lunga, angatĕra punang rawi, tumĕkeng surupneki, yen tuwan ora den asung, iku cina tan sukha, rama jĕng andika singgih, yen asiya tuwan den gawa mintara.

40. Sang sudewī sawurira, eh di Topongsangku mami, aidĕp sawĕlingira, kaya yakti sun rasani, adan surup hyang rawi, sang hyang Sūrya nuli rawuh, putra ingaras aras, sang sudewī matur aris, beñjang bapa amba ngiring ngarat sūrya.

41. Ayun amba awikana, tanggune kulon ing langit, sang hyang Sūrya sawurira, aduh anakingsun nini, tan kĕneng ambah janmi, tan sipi panas kalangkung, wyakti gĕsĕng angganta, awya sira amilĕti, aneng kene sira ñawa mirah ingwang.

42. Sang sudewī anglanggana, tan idĕp i sojar aji, knĕng amit milĕt lunga, saha tangis ngasih asih, mindrih lunga milĕti, ingandĕg maksih ngamĕrung, tumĕkeng tatas siyang, tan kĕnengandĕg sang dewī, sang hyang sūrya lintang kemĕngan ing nala.

43. Tan kawaça yen tan linggar, pantĕn kĕneng wowal gingsir, makasuluhaning jagat, dadi ilang tṛṣṇaneki, lĕwih wĕdi ring Widhi, sutanemulih kinabun, dening walakong gĕdang, darapon asrĕp kang ragi, sang sudewī ndan binakta ngarat sūrya.

6b/ 44. Ingĕmban denikang rāma, miyungahu dawuh ping kalih, sang sudewī ngrasa panas, karingĕt mĕdal tumitis, sayan minduhur malih, tan kawaça rāden Galuh, nandang panas ing sūrya, malaku winalen malih, aduh bapa walekna amba tuwan.

45. Tan kawaça amba tuwan, anandang panas ing rawi, kaya lĕbur awak amba, tan wande ngĕmasi pati, . .

orig. beschadigd ......aduh anakingsanasa ..... kna gingsir satuhuke



apan asuluh ing jagat.

46. Nora liñok .... n kĕneng sambadha, mangko ta anana nini, wus lalakonireki, nora kna owah langkung, wus huryastraning angga, anĕmu sangkaleng rāgi, awa ... h tiga, sang sudewi dady añjĕrit, arohara sambat bapa, biyang tulungana kami, iki gĕsĕng ing rawi, baya angur akaantu, angga gĕsĕng sadaya .. .... staka kewala.

Adan binuwang sakṣaṇa, denira kang rāma aji, sirah tinibeng talaga, nira rāden mantrī Kling, anĕngah rahineki, kumambang ana ing ranu, rema aglar pañjang, nĕngakna rāden dewī, ring talaga kocapa wus lingsir kilyan.

Raden mantrī yun asiram, ingiring kadyane sami, wastane punang udyana, Pañudan Pañlipuran-sih, lwir tataman ing swargi, kang wasta Bañjaransantun, endah warṇa ning sĕkar, sĕdĕng amuponi sari, wowohane endah endah warṇa panĕdĕ ... ptang taman rāden mantriya.

Ingiring kadehan sami, anuli sira asiram, ing pañcuran kang awarṇi, apinda naga ngingis, awubaning

7a/ naga santun, ki Smar lan ki Turas, kalih pada ring botrawi, sadhyanira angalapana tuñjung bang.

Ngadĕg tĕpi ning talaga, kagyat sira aningali, pupunggalana kumambang, romane pañjang awilis, anĕngah katon rahi, dumilah kadi sitangsun, anulya sru angucap, eh Jurudeh sira aglis, aturana twan kita wusana siram.

Toyeku pan acĕmĕra, apan pupunggalaneki, kumambang aneng talaga, ki Jurudeh maturaris, dumatĕng rāden mantrī, dawĕg mantuka pukulun, toyeku acĕmĕra, linge pun Sĕmar ing kami, pupunggalan ring talaga kumambanga.

Rāden mantrī aglis mĕntas, nulya mara ring botrawi, tiningalan pupunggalan, anĕngah caya lwir çaçih, rāden mantrī akeni, maring ki ~~Toeras~~ Turas añjumput, adan ki Turasira, añjumput norana kni, pupungga-

lan apan angadoh anĕngah.

Ki Sĕmar nimbal andĕmak, pupunggalan anĕngahi, ki Kalang ika andĕmak, tan kĕna panĕngahi, ki Punta añjumputi, tan kĕna deniranjumput, ki Jurudeh andĕmak, tan kĕna denyanggayuhi, rāden mantrī añjumput i pupunggalan.

7b/ Kĕna denirandĕmak, nulya ingĕmban tumuli, sinalah ing pupunira, sarwi angiling ilingin, ih sira kaka sami, sapa iki duwe hulu, dahat ayu warṇanya, kadyan matur sawur pakṣi, singgih tuwan tan karaṣa dening amba.

Pun Sĕmar sira matura, dumatĕng raāden mantrī, yan panarkan amba tuwan, pupunggalan wong andesti, lawana kari urip, mantukne ku salah laku, ing kene asangidan, rāden mantrī anawuri, yan manuṣya dudu mengkene warṇanya.

Manaweki pupunggalan, widyadhari saking swargi, ndan kadehan sawur pakṣya, kawula rawuh sahiring, aron takoni singgih, manawya wikan anambung, ndan raādyan atanya, hulu paran kita iki, den awakca kita awarah eringwang.

Saking ĕndi mūlanira, sapa kang sinambat ing sih, sapa kang aduwe putra, kang tinanya matur aris, lah singgih sang apĕkik, kawula norana wĕruh, mūlane awak amba, tan paaran kawuleki, tan pabapa tanpaibu amba tuwan.

Rāden mantrī aris nabda, sapa anggawa sireki, merene maring talaga, warahĕn ingsun den jāti, hulu aturnya ariṣ, norana wong nggawa ɱ ingsun, tĕka ing kena tuwan tan parāga amba singgih, rāden mantrī malih ataken ing sirah.

Sapeki manuṣya sira, atawa ko widyadhari, warahan ingsun den wakca, sang tinanyan aturnya ris, amba
8a/ dora udani, tĕka ring kene katengsun, ki Sĕmar nambut ujar, masa glĕm pajar wyakti, dening merang dahat tan sapira pira.

Masa tan karawos tuwan, rāden mantrī anambung ling, lah iya kaka bĕnĕra, nulih wulu den payasi, ginĕlung



cara Kling, roma katrangganeng mĕnur, sinĕkar ing campaka, sinuwĕng? rontal mantĕsi, sinalah eng ring tunggal tur bhinusaṇan. *? sinuwĕr?*

Dening kampuhira mantrya, inulĕs bahunireki, winangwang sakeng kadohan, lwir hyang hyang ning tasik gĕndis sinung ganten kang laṭi, kasoran manggis rinĕmpuh, wajanya nglar ing kumbang, gĕbyar gĕbyar amraṇani, netra balut liringe anatit kĕmbar.

Rāden mantri aris nabda, ulu iki karma mami, sun gawa mantuk eng pura, wlas ingsun datan sinipi, pun Sĕmar matur aris, sampun tuwan iki tan kĕna duga manawi tĕmah tan yukti, bĕcik aneng kene besuk ing pungkuran.

---

Zang 3. Puh Pangkur.

1. Eki bapa Bkung sira, elingana sira iki den gati, darawon tan kĕneng smat, karyakĕn palangkiran, aneng kene ta sira bapa anunggu, awlasakna ki sirah, aja bapa tan pagaṭi. *darapon??*

2. Ki Bkung asawur sĕmbah singgih tuwan, masa amba tan sering, sampun sangçaya pukulun, ndan sira rāden mantrya, angandika dumatĕng eng sira ulu, e ulu sira kantuna, aneng kene sun amulih.

3. Kang ulu ta saturnya (verb. asahurnya), saandika twan kawulanĕda mit, rāden mantrī nulya mantuk, ingi-
8b/ ring ing kadehan, tan kawarṇa ing dalan sampun rawuh, rāden mantrī ring kadatwan, ki Bkung mangke kawarṇi.

4. Wus akarya palangkiran, cinantelan ring bale singasari, mastaka sinalah sampun, ana ring palangkiran, ingalĕdan don ing wastra nikang alus, i Bkung angĕmitana, saking wema ulang wulih.

5. Langkung wĕngi warṇa eñjang, satanginya rādeh mantri anulih, maring taman kang jinugjug, ingiring ing kadehan, sampun prāpta ring taman nulya sama dus, wusnya siram ndan asekar, nulih maring sirah uni.

6. Saprāptane yasa kĕmbar, ni mastaka jinumputan tumulih, denira sang rāja sunu, ndan pinangku kang sirah, tan seng iling elingan kang punang ulu, sarwi sina-

mbut ingaras, katuwon ta sira nini.
7. Ayu nging tan pararaga, dahat sangĕt dukhane hyang
Prameṣṭi, sukhane nora tumulus, sinung tan pararaga,
mangkanengsun ikang anmu sang ayu, sukha nging bhagya
ne nora, tan tulus sih ing hyang Widhi.
8. Ndan kang wulu pinayasan, sinurenan, ginlung cara
Kling, sinmihan embuh ayu, glung susupeng pudak, tra-
nggana gadung malati lan mĕnur, asĕngkang alontar pĕ-
tak, asumpang campaka putih.
9. Linungaheng karang sirah ingalĕsan bahu dening
9a/ garingsing, katon kadi wong alungguh, sumada aneng ti-
yung, sinandingan deningra sang rājasunu, tinon lwir
kadi hyang Smara, añanding ing sang hyang Ratih.
10. Sira rāden mantrī nabda, rum amanis ih ulu sira
nini, mangko ingsun asung wĕruh, dimen sira wikana,
ingsun iki apan aparĕk atĕmu, lan yayi putreng Gĕ-
glang, kari triwlas dineki.
??? 11. Rah ĕmpat/çaçih kapat, tangga yoyu put mon dina
bĕcik, Buda wawe ukunipun, Warigadyan punika, sira
yayi tumuta ngiring ingringsun, dadi sĕkar babangga-
yan, sun kārya rāganireki.
12. Tatogogan ka sawawa, jĕnĕng ne kaka lawan sira
yayi, anulih sun kon amikul, sira lunggweng jĕmpana,
yan wus rawuh ring dinaningsun lumaku, sun kon anga-
mbili sira, didimene esun prāpti.
13. Ulu atur saandika, nira tuwan dan sira rāden ma-
ntrī, ulu binakta linungguh, ana ring palangkiran,
lah ing kene sira yayi den raayu, ingsun mantuka ing
pura, ulu aturira aris.
14. Yan tuwanku lumarisa, adan mantuk sira rāden ma-
ntrī, sakadehanira tumut, wus prāpta ring pangastryan
rāden mantrī sumĕt (verb. lumĕbĕt??) ing jro kadatwan
maring griya paslangan, papajangane tulyaçrī.
9b/ 15. Gagrantangan lilingsiran, sutra rakta sinĕlan su-
tra putih, ana jĕnar ana gadung ada irĕng mwang
birwa, lalangsene endah warṇane dinulu, cinitreng
lalakon rama, yan akalane ajurit.



16. Wĕneh citra ning lalangsya, wiwāha kaparṇa kālani-
reki, sang Arjuna atĕmu, kalawan putrīng kendran, yan
dinulu anggawe raga ulangun, solahe kadi ring tulis.
17. Upacārêng pagulingan, tilamipun patola kang kinĕ-
mbi, susun tiga ulĕsipun, lĕwih sutra dewangga, karalu-
lu susun makatutubipun, crĕmi mlok sinulaman, guguling
saklat rangdi.
18. Sarwa sĕkar munggweng tilam, amrik minging luluhur
sūtra putih, crĕmine kang agung agung, cinantelan ring
??? tiyang, papajangan kotak tablap ti pĕnuh, norana tako-
nakna, apan ṭrap ing janma lĕwih.
19. Saksana surup hyang arka, kang kocapa eñjing çrī
narapati, anabuh gamlan umung, ana ring panangkilan, pa-
ra ṛṣi sewa sogata wus rawuh, linggih aneng panangkilan
~~Raxaxṛṣi~~ imbang tĕngĕn çrī bhūpati.
20. Sira arya patih dĕmang, i tumĕnggung kanuruhan ma-
nguri, pĕpĕk alungguh ring ayun, ira çrī naranātha, pa-
ra ratu duradeça sampun rawuh, sama lungguh eng mada-
pa, pahase alĕwih lĕwih.
10a/ 21. Katon pahase lwir pendah, sĕkar sataman kang munggguh
ing wukir, kumarañab pada mañcur, kadi lintang ing wi-
yat, rāden mantrī wus apayas/adan mĕtu, apĕpĕlik saha
sĕkar saha ron campaka putih.
22. Akampuh berĕmaprada, wastra pinarada cinitrêng su-
bagi, apapĕkĕk sutra dadu, akris pĕndok kañcana, ala-
ndean kañcana pinda ratu, rakṣasa pangawe sĕkar, aslut
çoca mirah adi.
23. Panganggone pinatrapan, çoca wintĕn moñcorong war-
ṇaneki, mĕdal sira saha payung, ingiring upacāra, war-
ṇanira lwir hyang Smara nurun, surĕm sakweh para nātha,
linangkung ing warṇa pĕkik.
24. Tan binaa kadi lintang, mĕlo mĕlok sadurung ana ça-
çih, mĕtu ning çaçih akumur, mangkana pangandenya, sa-
kweh ratu amūji rūpa sang bagus, pantĕs añakra bhuwana,
sang prāptane rāden mantrī.
verb. ya? 25. Tĕdun sami sahaseba , rāden mantrī sinengan aji li-
nggih, ring kiwanira sang prabhu, adan alinggih jajar,

saha séba malih aminduhur lungguh, atap sire panangki-
lan, tinon lwir yaya ing tulis.
26. Para kadehane sama, angladeni nandang s?? laka ring
puri, warga dalĕm rewangipun, ingaturan acanang, ring
anangkil sawiji norana luput,
10b/ 27x rata pada sinacaran, wadahe mas pirak wañci.
27. Solahira papatĕhan, saha sĕkar wari bang amantĕsi,
krura rūpane dinulu, pantĕs yekin kineringan, pangang-
gene ana kampuh sutra dadu, ana kampuh batik bang,
ana akampuh subagi.
28. Nuli mĕdal pupundutan, saking pura pinrĕneng wi-
jil kalih, sang prabhu nulih ngadatwan, sang brāhmana
pinūji sarĕng mangrĕbu, ayoganeng pamrĕjan, añuceni
rāden mantrī.
29. Sampune sinucenan, rāden mantrī munggah ring yas
pasilih, warṇanĕn kang para ratu, wus katuran adahar,
asusutan endah warṇa ning lalawuh, tan ana takonakna,
sajĕng arak dangiderì.
30. Lungsur sĕgah jinawadah, dahat ebuh pasuguh çrī
bhūpati, wus adahar canang katur, mangkana para arya,
para patih para dĕmang lan tumĕnggung, abehi kang ka-
nuruhan, mañca kabeh lan manguri.
31. Aneng bañjar sira dahar, tan luputa kawula alit
alit, sinuguhan pangan webuh, akweh wong kahuruhan,
lungsur sĕgah jawadah pelag anusun, wus adahar sa-
ma nginang, malah sumurup hyang rawi.
32. Wus mantukang para nātha, para mantrī aneng du-
nunganeki, wong alit prasamya mantuk, mara eng paku-
11a/ kuhwan nĕngakna ka latri adan kawuwus, sang sūrya
kecalan suta, dahat denira prihatin.
33. Saprāptanira ring pura, mĕnggah mĕngsah tan kĕ-
neng tadah guling, adan sira ris amuwus, ih kulabang
ta sira, uhundangana dangdang irĕng depun asruh, kon
amerene den enggal, kulabang amit tumulih.
34. Lampahira garawalan, dangdang irĕng kapanggih
den pajari, ingandikan ta sireku, denira sang hyang
sūrya, adan marĕk dangdang irĕng tan asantun, prā-
pte harṣa sang hyang Sūrya, ndan sang Sūrya ngandika
ris.



35. Dangdang irĕng amit sira, mambur mingsor anuju
taman aglis, anulih ginlis rawuh, mĕñcok aneng ma-
tekst corrupt?? ndapa, saha gakgak rāden Galuh pan angrungu, yen si
dangdang irĕng prāpta, sang sudewī angling aris.
36. Ih ki dangdang irĕng enggal, mereneya mĕñcoking
prĕnah mami, dangdang irĕng ndan malĕbu, mĕñcok ing
palangkiran, sahature singgih kawula pukulun, ingutus
-ndi?? i rama tuwan, doumatĕng jĕng anikeki.
37. Punapi kaharṣa tuwan, jalukana dumatĕng rāma aji,
karṣane nĕkaning kahyun, sapañjaluk andika, ....
.... aden mantrya, kari tiga wlas dinane manggih
lan putrinira sang ratu, ring nagareng Gĕglang, ing-
sun iki pakayune rājasunu, milĕt ngiring eng Gĕglang,
mangke sun aminta rāgi.
ring Lĕwih warṇane jĕnar, lan asrĕgĕp angge angge ning
11b/ putrī, lan sun jaluk joli satu, ingukir rinĕnggahan,
pinatik ing nawaratna mwang mas tatur, sadurunge pa-
panggihan, rawuhakna mring kami.
Dangdang irĕng amit sira, umambura anuju lawang
langit, wus mañjing nuli ngadatwan, marĕk ing sang
hyang sūrya, wus tinata ature sawĕkasipun, sang rā-
anglĕgani?? japutri ing sira, sang Sūrya sira anggani.
Sapañjaluke kang putra, nulya kārya raragane sang
putrī, makacrĕmine mas tatur, tan iwanga ring muka,
nira rādyan çṛta lawan jnĕ ipun tan ana iwangakna,
madhyane aros agilik.
Raga kadi jinpitan, suswa agĕmuh rupit, gulune a-
nglukning gadung, niruktya ring wadana, lungayane
alĕmĕs kadya sinwaming, angçoka ing kamarutan, jarijy
arurusnirukti.
Nakhane wĕning apañjang, ali ali pantĕs aroro si-
sih, sinocan mutyara murub, wĕntis mudhak cindaga,
wus adadi rarāgane rāden Galuh, lan joline wus ada-
dya, inukir rinĕnggeng rukmi.
Dasa dina laminira, sang hyang sūrya kang akārya ra-
ragi, saputuse ndan ingutus, widyadhari nggawaa, pi-
tung pulu, widyadhari kang ingutus, sarĕng kalawan

16. pun dangdang, marěk ing sang kadi Ratih.

Awyatara těngah wěngya, dangdang irěng amencok tur amuni .... k ujaripun, sang sudewī miarşa, yan ki

12a/ dangdang irěng prāpta ndan inguwuh, ek ki dangdang irěng merenea, mencoka ing prěnah mami.

andandanana?? Ndan ki dangdang irěng sira, manjing wisma anadana mencok aris, ring prěnahe rāden Galuh, sarwi sira ngatura, ih tuwanku widyadhari kweh tumurun, iki nggawa rāga tuwan, lan joli ěmas sawiji.

Rāden dewya ris angucap, widyadhari nggawaněn rāgamami, den aglis trapna tesun, age ingsun arāga, kadi

anuli?? jnar ndan widyadhari anu nambut, sira cinokol ing rāga, dadya mulya kadi ngūni.

Anggane kasor king kuna, jněngne kadumilah lěwih adi, apan carmane mas tatur, keňar lwir sinanglingan, ndan ki Bkung kawarna kalanya mětu, anambungi kang mastaka, dadari kancit kaakşi.

Ki Bkung kancit wangsula, mareng rabi ih ni Bkung den aglis, sira mětu mara ringsun, wong iki akeh prāpta, istrī istrī ayu ayu warnanipun, angeběki ya sakandaning Bkung mijil aglis.

Karo sira amarikşa, tuhu lamon wong istrī kweh alinggih, ni Bkung nuli amuwus, apa ta dayanira, takona atawa pada ahorndu, asnětan marěng umah, i Bkung nambungi n aris.

Yen pada asisingidan, wastu ilang sira kang sun kěmiti, tan wande biněndon tengsun, apan sira ingeman, lěhěng mati lawan biněndon ing ratu, ingsun ma-

12b/ ngke apralalwa, yadin mati bage urip.

Adan ki Bkung maraa, lan rabine mara tampěk nakoni sapa iki sama lu... ra waraha, těka linggih ring pasaryane wong agung, adan sira tan palāpta, manjing taman kāla wěngi.

Sang sudewi sumahura, bapa Bkung aja sira baribin, merene bapa alungguh, apopyan lan ingwang, lan si bibi Bkung merene alungguh, aja sira salah harşa,

sampurana? yan sun salah sampun rani.

17. Ndan si Bkung karonira, ngarasa wlas adan sira alinggih, sang sudewi nulya muwus, ih bapa bibi sira, lali těměn sira maring rāganingsun, ya sun iki kang mastaka, mangke wus aduwe rāgi.

Wawu rawuh sakeng wiyat, widyadhari anggawa mari riki, ndan pinradatan si Bkung, duk purwane ilanga, těkeng wěkas tělas pinajaran sampun, ndan i Bkung angrangkula, padane sang rājaputrī.

Satangisnya saha ngaras, aduh dewa paran karanta singgih, nora sawakca maskw indung, duk sira tan parāga, apan amba sawyaktine nora wruh, mangkengsun něda sampura, dohakning tulah sarik.

Ki Bkung milwa karuna, kapi wlas ring tuture sang putrī, tur aněda sampura gung, sěmbahe tulak tulak, widadharya ngatur anggyan sampun, pakirimira hyang sūrya, sang putrī wus ananggapi.

13a/ Widyadhari amit sira, ring sang putrī adan mara ring langit, wus prāpta sira ring ayun, ira sira hyang Sūrya, saha matur sarwi sira awot santun, nda putra ndika tuwan, hyang sūrya mengis mangguti.

Něngakna sang hyang Sūrya, kang kocapa sira sang rājaputrī, ring taman lawan i Bkung, ndan i Bkung ngalapa, sumanasa kalih pasang sampun katur, ring sang sudewī ndan ginubah, sumaguna tuwa ngrawit.

Ingutus ni Bkung sira, mawa sěkar katur eng rāden mantrī, saha gědang masinuhun, ni Bkung maring pura, jumorojog, marěk ing sang lwir Atanu, měnděk sarwi atur sěkar, dumatěng raaden mantrī.

Sěkar ginubah tinampan, tur liningling denira rāden

kaçcaryan?? mantrī, kaskaryan sira andulu, durung sira mulata, gugubahan sěkar tan sasama luhung, kaya dudu tampak janma, ni Bkung den tatakoni.

Sapa bibi kang anggubah, sěkar iki kaya pakŗta ning jim, ni Bkung němbah umatur, amba tuwan anggubah, tinuduhan amba denira kang wulu, rāden mantrī ngraseng nala, yen mastaka lintang çakti.

Rāden mantrī ndan lingira, bibi Bkung benjang ta

sira wali, mawa sĕkar kang wus putus, ginubah kalih pasang sawur sĕmbah ni Bkung sandika ratu, mangke kawula mit tuwan, manggut sira rāden mantrī.

?? Ni Bkung mijil mring pura, lumaring samantakeng

13b/ tamaneki, saprāptanira angrangkøel, padane sang sudewya, ingarasan sarwi sira nutur nutur, satingkah lingeki mantrya, kaçcaryan tumon ing sāri.

Sawur kengis rāden dewya, surup sūrya mangko gumanti eñjing, ni Bkung angalap santun, katur ing sang sudewya, ginubahan kalih pasang sampun putus, winadahan wañci (of wañji ?) sĕkar, gĕdang saba runtutneki.

Lan wastra lan pĕpĕkĕk kampuh dastar wijil ing

ipu of imu-? swarga lĕwih, mijil wadah ...nuluh sang sudewi ngandika, iki babu aturana ring sang sunu, wastra lawan ikĕt pinggang, kampuh dastar sun kirimi.

Maring sang kadi hyang Smara, yanya taken ing ĕndi sangkaneki, ibu aja kweh ling atur, tlas ndatan pra-

?? data, lan aturkĕn pañjalin ingsun babu, dumatĕng sang kadi Smara, mangkana wĕwĕkas mami.

Ni Bkung asawur sĕmbah, sandika mas kawula ananggani kawula amit pukulun, anuli sira linggar, ñuhun gĕdang lan pakirim miwah santun, nulih prāpta ring paseban, lumaris ing dalĕm puri.

Marĕk sireng rāden mantrya, saha sĕmbah sira atur pakirim, tinanggapan tan asantun, pakirim miwah sĕkar, tiningalan denira sang rājasunu, apa iki dagingneka, ulug pacatur iki bibi.

Ni Bkung matur anĕmbah, singgih tuwan panganggo

14a/ dagingneki, dastar kampuh lawan sabuk, wastra cature tuwan, pawĕkase ni mastaka marerringsun, pangañjaline katura, dumatĕng andika singgih.

Rāden mantrī sawurira, sapa ika wong sudi angasungi, ni Bkung anĕmbah matur, boten uninga amba, tĕka

sumanding?? ana sumaning i sandingipun, rāden mantrī angandika, ingsun awkas bibi.

Warahĕn punang mastataka, ingsun bĕnjang tuluse



sun ika mārgi, maring Gĕglang katengsun, lan ingsun apotusan, lagi dalu angambila punang olu, mangkana warahakna, raraganeki wus dadi.

Ni ka Bkung asawur sĕmbah, saha andika kawula amisinggih, mangko amba amit mantuk. manggut sira raādyan, ndan ni Bkung wus mantuk ring taman sampun, kocapa wong sanagara, tĕpis iring sampun prāpti.

Amondok ring jawi kita, jalu istrī payase lĕwih lĕwih, mawa bĕdil tumbak tulup, tamyang dadap lan kantar, lan paresi buntal sagamlanipun, wayang wong gambuh lang dengdang, wong adapĕl wong angringgit.

Pada tĕdun sagamlan, wĕneh mondok ring bañjar ing nagari, jojor jangkang wuwus tĕdun, miwah kang gajah onta, sapati kuda sakakapanipun, juru pikul wus atanda, amba makadastarneki.

14b/ Worang seran sikĕp laras, saha jaler abaju cara bukis, arumbe ta kulukipun, angga irĕng netrabang, saha nitih ambur banderanya ulung, tandange ajiblag jiblag, durmanggala na hing puri.

---

Zang 4. Puh Durma.

1. Sakṣaṇa sumurup sang hyang diwangkara, ndatan koninga latri, rāden mantrī sira, apan wus apotusan, angambil ing sirah uni, wus prāpteng taman, nĕm siki katahneki.

2. Saha nggawa payung agung linungsiran, pawongan kang kakalih, wus mañjing ing taman, kapanggih wus ahayas, sang sudewi kadi Ratih, jĕngĕr kang mulat, den sĕnggah dudu janmi.

3. Sira Bkung aris denira anapa, bayengutus sireki, lagi esuk prāpta, angling punang utusan, ingutus manira singgih, angambil sira denira rāden mantrī.

4. Ndi nggone age ingsun anggawaa, mumpung kālane eñjing, ni Bkung angucap, iki rumane sirah, kang linggih ana ring joli, lah pikulana, ñandang kapatmu iki.

5. Punang utusan sawur pakṣi angapa, sun sĕngguh dudu janmi, lwir dewa ngindarat, sĕngguh ngwang tan parāga,

15a/ mangkana warta ning janmi, ki Bkung mojar, aja kake-
han wĕling.

?? 6. Tĕkap iku ling sun lumaku eng harṣa, dimene taman
si spi, masana waniyaṇ, wong liyan duratmaka, lah si-
ra wado sawiji, anggawa canang, siji sira payungi.

7. Adan mangkat sang sudewī pinikulan, ni Bkung angĕ-
pĕti, ki Bkung ring harṣa, anungklang pĕdangira, si-
kĕpe tamyang mantĕsi, wok babrĕngosan, netra bang lu-
mirik.

8. Sing kapĕdak wong ring dalan pada eran, tumon ing
sang sudewī, pada atumuta, lali eng kāryanira, ama mi-
lu amikuli, sadalan dalan, sing kapapag angiring.

9.Jalu istrī ahurahan tangiringa, sĕsĕk lumakweng
mārgi, meh prāpta eng deça, hwong deça ahurahan, de-
ning orta tinimbali, malayu pada, ṭame sleng langkungin.

10. Turas mamilu sira kagegeran, atakon angapeki, sira
kagegeran, kang tinanyan nambunga, singgih orthane ring
mārgi, si Bkung prāpta, anggawa widyadhari.

11. Ndan ki Sĕmar Turas pada aadga, ring pinta ning
nini?? nagari, nani Bkung prāpta, Turas Sĕmar amawas, wa-
luya sirah kaaksi, aduwe rāga, tan pendah mas sina-
ngling.

12. Turas Sĕmar ngamĕl pupu ning pikulan, jampa....
... ngucap, duh warahĕna ingwang, wakcanana depun
jati, sapa andika, sudewī angling aris.

13. Sajatine kakang sun warah ring sira, yan sun kang
ilang uni, wartane ring Daha, Sĕmar Turas melinga,
15b/ adan sira nangis kalih, lwir wong wanodya, sĕmbahe
wali wali.

14. Duh pangeran depun mĕnĕng aja warta, manawi dadi
lali, raka jĕngandika, atĕmahan wandeya, maring Gĕ-
glang twan mantrī,sang dewī nabda, lah sahujarireki.

15. Turas Sĕmar asru denira angucap, eh rowang sada-
yeki, depun mĕnĕng pada, aja kita popoyan, tan wruh
dadi ala bĕcik, bĕcik mĕnĕnga, wong akweh sawur pakṣi.



16. Saandikanira aja walang driya, pan wus karaseng
ati, adan lumarisa, ki Sĕmar lawan Turas, lumampah a-
na ring harṣi, saha tayungan, mĕmbat mĕmbat ring mar-
gi.

17. Pan gumuruh swara ning wong anontona, malah tumĕ-
kĕng puri, wartane katura, ing sira çrī narendra, tu-
mĕka ring rāden mantrī, yen sirah prāpta, waluya duwe
rāgi.

18. Rāden mantrī ayun sira amĕdala, ingandĕg dening bi-
bi, duh ing kene ṅawa, aja ṅawa mijila, masa wande prā-
pteng riki, konang glisana, dimene aglis prāpti.

19. Rāden mantrī aglis sirakon angundang, ring panga=
lasan alit, lunga pangalasan, aglis prāpta ring jaba,
Turas Sĕmar kang kapanggih, lumakweng harṣa, nira sang
rājaputrī.

16a/ 20. Pangalasan aris denira angucap, eh bibi Bkung aglis,
bibi ingandika, nggawanĕn kang sirah, malĕbu ring da-
21. lĕm puri, den aglis biyang, aja raryan ing mārgi, sa-
wurira ni Bkung lah saandika, adan lumaku aris, prāpta
ing bañcingah sang sudewī...... adan lu-
maris, mantuk eng pura, ingiring pada istrī.

22. Pĕpĕk supĕnuh wong istrī aneng pura, tan kĕ-
na winalani, wet ning dĕmĕnira, nonton sang wawu
prāpta, ndan ni Bkung kang kawarṇi, prāpta ayunan, ira
prameçwarī.

23. Rāden dewi ayun sira amĕndĕka, cinĕkĕl tanganeki,
dera prameçwara, ajinira sang nātha, binakta parĕng
alinggih, mring yasa sira, sarĕng jajar alinggih.

24. Rāden mantrī amawas i rāden dewya, tan kĕna owah
liring, kaya amukṣaa, na ring palungguhan, prameçwarī
ngandika ris, mring Bkung ika, ujare sapa iki.

25. Sawur sĕmbah ni Bkung aduh pangeran, iki pandi-
dineki, sira kang kapĕndak, dening anak paduka, ana
ring tĕngah bot rawi, ing uni dalwa, da.. saduwe rāgi.

26. Prameçwarī angrungu dahat kaçcaryan, nulih sira
ngling aris, ih nini wantĕna, pakirimira prāptaṇ, katu-
ra ring ranak mantrī, iriki nora, kawaça anguculi.

27. Sang sudewī aturira saha sĕmbah, nĕda amba nguculi, anuli sinungan, wuluh catur kang wadah, pangaggweki saking swargi, ndan inguculan, denira sang sudewī.

28. Makacatur tlas pada inguculan, anuli den babari,
16b/ murub warṇanira, cahya nikang parada, norana ing dunya iki, amadanana, apan pakṛti ning jim.

27. Wus ginulung sami nuli sinimpĕnan, ana ring jro ning pĕti, rādyan dewī sira, matur ing rāden mantrī, saha sĕmbah aturnya ris, paduka tuwan, tumulus lunga mangkin.

30. Yan tumulus kawula anĕda mindah, ngiring andika singgih, apan amba tuwan, tan kenaka ing rāga, rāden mantrī amangguti, lah ingsun sunaka, sudewi matur malih.

31. Singgih tuwan amba ngaturi andika, joli ĕmas sawiji, wontĕn aneng jaba, linggihana dehira, sasat amba milĕt ngiring, pilih kanggea, amanggut rāden mantrī.

32. Kañcit prāpta utusanira sang nātha, matur ing rāden mantrī, amba ingandikan, dening jĕng rama tuwan, andika katuri mangkin, glisa linggar, wadwa sampun cumawis.

33. Adan mangkat rāden mantrī ingiringan, dening wong sajro purī, wus prāpteng pangastrian, jampana wus inahab, kuda onta lawan asti, wus srĕgĕp pada, binusaṇanh angrawit.

34. Sang çrī prabhu jalu istri wus amunggah, mijil ring jampana çrī, prameçwari pada, munggah ana ring
17a/ ratha, tanda mantrī anitihi, kuda sadaya, sira raāden mantrī.

35. Munggah sira ring jampana ingĕmasan, aturan sang sudewi, jampana aminda, singa mĕndĕk ahlar, kaya gĕsĕng yen ingaksi, rinĕnggeng ratna, kāñcana ikang ~~gading~~ adi.

36. Sang sudewī munggah ~~sang~~ sira ring jampana, kang pinacang lininggih, dera rāden mantrya, pinaka gĕgĕntenya, jampana kang katur uni, adan mintara, ingiring saha baris.



37. Sang Sudewi ngumiring rawuh ring dalan, anuli sira amit, matur saha sĕmbah, laju andika dewa, kawula amit ing mangkin, mantuk ring taman, lah sandika lumaris.

38. Sang sudewi ali mantuk eng taman, atusan wong angiring, tan kĕna sambhada, wus adoh paranira, prāpteng taman rāden dewī, kang cinarita, rāden mantrī kawarṇi.

39. Salungane sang sudewi rāden mantrya, tan sah anolih nolih, kaha anoliha, prāptaa sasandingan, mangkana
kaya?? rasa ning ati, pinalĕh palĕh, ring twase rāden mantrī.

40. Wet ning wdi kalintang ring yaya rena, kunge den salimuri, yayat lampahira, meh prāpta ring Gĕglang, wong Gĕglang kweh kapanggih, kang amapaga, sagamlan labaris.

41. Saha surak pada rame sleng timbal, kadi karungw ing langit, tan pĕgat samarga, mārga surak timbalan, wus prāpta jro ning nagari, bĕdil amunya, lwir linuh kang prithiwi.

17b/ 42. Sinawuran i surak timbal tinimbal, kaya rubuh kang wukir, akweh wong nontona, jalu istrī sapayas, kumran kasunon ing rawi, manahe pada, jirṇa tan duwe bhranti.

43. Sang aratu ring Gĕglang amintara, amapaga aneng mārgi, alunggweng ~~ka~~ jampana, kapĕndak jawi kita, prameçwari saking Kling, alon sinapa, ih kaka prameçwarī.

44. Sang sinapa aturé singgih kawula natheng Gĕglang angling, lah kaka lajuwa, mantuk eng dalĕm pura, sang ingaturan lumaris, malih kapĕndak, sira sang nātheng Kling.

45. Ndan sinapa denira nātheng Gĕglang, kakâji wawu prāpti, nāthĕng Kling nabda, kawula singgih adya, twan mantrī sinapa aris, lah wawu tĕka, sira twan anak mantrī.

46. Rāden mantrī sinapa sa .. paji, nulya sasandingan, lampahe alonlonan, wus prāpta pangastren ulih, pramiçwaria, lumarisa ring purī.

47. Pinapag dening pramiçwarī Gĕglang, kakâji wahu

prāpti ... ṅapa sira, anulih kakantenan, lumaris ring
dalĕm purī, sinungguh sunggwan, cinrṇnanira sih kalih.

48. Nāthĕng Kling linggih sira neng paseban, miwah ra-
ăden mantrīṇ ...ngguha, lan sang nātheng Gĕglang, pi-
narĕk ing para aji, mwang mantri sama, sĕsĕk prasamya
nangkil.

18a/ 49. Suruh jambe norana pĕgat mĕdala, katur ing para
ṗaji, winadah nanampan, kañcĕna tinatahan, ika katur
aneng mantrī, leleper salaka, ring wong kang alit
wañci.

50. Asusukhan rame sira adaharan, satatabuhan muni,
dahar?? sajĕng arak tan sah, angidĕri kang daha, jawadah
mĕdal lumindi, nora luputan, wong alit lan pakatik.

51. Nĕngakna wong akweh kang andrawina, rāden mantrī
kawarṇi lan putrêng Gĕglang, kalih wus kapratiṣṭa,
kadi karamaning aji, dening sang wus man, nulih gi-
nawa kalih.

52. Nulya munggah kalih aneng jro pamrĕman, pinaja-
ngan tulyaçrī, yaya ing kaswargan, rāden mantrī angĕ-
sah, angaloki wĕtĕng sakit, tansah tanganya, anĕhĕn
wĕtĕngneki.

53. Ujar ing akatah den sĕngguh tuhwan, kagringan rā-
den mantrī, wĕkasan angucap, rāden mantrī ring iña,
ingsun lunga angising, ing kene sira, ajanana mi-
lĕti.

54. Nora lama ingsun nuli ambalia, aja sira baribin,
merang sun kaaran, aja ana kweh wong wikan, ingsun
lunga anĕpi, tan padamaran, pun iña matur aris.

18b/ 55. Saha sĕmbah singgih saandika tuwan, ndan rāden ma-
ntrī nulih, añamar mdala, norana wong uninga, singi
denya i añamari, tumĕkeng k jaba noranana udani.

56. Lumastara lampahira rāden mantrya, ndatan pano-
lih uri, añjujureng taman, prĕnahe rāden dewya, tumu-
li sira glis prāpti, ring lawang kubwan, anuli angu-
wuhi.

57. Bapa Bkung wĕnganana ingsun lawang, ki Bkung ami-
arṣa, aglis alumumpat, apan eling ing swara, -nira

sira



sira rāden mantrī, winĕnga gañcang, rāden mantrī ndan
mañjing.

58. Sang sudewī lagi sira aleleda, lan ni Bkung ring
jawi, kapĕndak ta sira, dening sang kadi Smara, rina-
ngkul ingĕmban aglis, binakteng munggah, ring batur
sang lwir çaçih.

59. Wruh ing smita ni Bkung anampa toya, winasuh pada
kalih, nulya sang sudewya, ingĕmban sira munggah, ring
pamrĕmane sang dewī, atangkĕb gubah, pinangku sang su-
dewya.

60. Tuhu sira widagdheng jayeng pamrĕman, apantĕs ma-
ngku Ratih, sarwi angipuka, ḍyah dewī sang lwir sĕ-
kar, sumanasa lĕwih adi, sun tĕda dewa, kĕna ingsun
ñĕkari.

19a/ 61. Sang sudewī sawurira duh pangeraṇ, apa karanta
singgih, tan tulus amuktya, ring putrī ing Gĕglang,
anggawe lara ning ati, lan nggawe merang, -ira sang
çrī bhūpati.

62. Rāden mantrī sawurira duh pangeran, masa tan
ngraseng singgih, laraningsun dewa, tan kĕna tina-
mbanan, dening tamba lyanan singgih, mung sira mirah
dadya tatan agring.

63. Sarwi sira ingaras sang kadi candra, tansah wini-
sik wisik, wkas ing asmara, kajayeng ing pamrĕman,
kumbange wĕruh ring sari, sari pan wruha, karṣaning
kumbang lĕwih.

64. Nulya sari sang kadi hyang ning Asmara, ayun nĕ-
kani kāpti, tansah winangwangan, sira sang kadi ulan,
marase ndatan sinipi, mar tĕñuh twasnya, lwir tan pa-
balung ragi.

65. Sang lwir Smara sira anglukari tangan, saka ring
madhya arit, anggayuha siñjang, padone linukaran,
tan pendah saradanta nglih, wilĕt ing jangga, madhya
kengis kaakṣi.

66. Dumilahe kñare kadi suwarṇa, sinĕpuhan si-
nangling, nulih sinareyan, sang dyah tantara karṣa
nulya anĕkani kāpti, sang dyah murcitta, linuwaran
tumulih.

67. Tinangen anuli sira anglilira, sang dyah merang tan sipi, wet ning tan pasiñjang, miring anggayuh siñjang, sinambut tangan sang dewī, deni ka raka, duh alĕsu mas yayi.

68. Pun kakang aniñjang ing andika mirah, aja andika runtik, sampura pun kakang, tutut sira siniñjang, nulya ingĕmban umulih, mareng patirthan, asiram asusuci.

69. Wusnya siram kalih nulya wus awastra, ingĕmban sang

19b/ sudewī, munggah mring pamrĕman, kalih alĕlĕsonan, nĕngakna sang akalih, ndan kawarṇaa, ring Gĕglang anulih.

70. Kagegeran saicale rāden mantrya, ṯobor angĕbĕk purī, tan ana manggiha, ring jaba ingulatan, makṣih norana kapanggih, sakadyanira, rāden mantrī ring Kling.

71. Wus angraṣa ring nala yan tuwanira, wus mantuk ring sang dewī, nulih sira pada, mantuk agarawalan, sang prabhu ana ing Kling, sagṛhanira, samya ngaraseng ati.

72. Yen kang putra wus mantuk eng mareng taman, adan sira apamit, ring nāthĕng Gĕglang, pamit eng ulatana, anakira rāden mantrī, ndan budal sira, saha bala angiring.

angulatana??

73. Layat lampahira tan kawarṇeng mārga, wus aprapta ring Kling, kocapa sang nātha, Gĕglang akerangan, manahe ndatan sinipi, lan putrinira, erange harṣa lalis.

74. Minta duhung harṣa sinuduk çarīra, iñane angukuhi, angrakṣa eng sira, nātheng Gĕglang sira, mijil asawareng mantrī, pan wus karungwa, yan rāden mantrī Kling.

75. Akedanan ring kadadyan pupunggalan, ika kāla ning runtik, linge ih sang satrya, patih tumĕnggung dĕmang kanuruhan lan ngabei, ih warahana, rowangira samangkin

76. Pada cawisa nggawa sikĕp ing yuddha, mangkat dinane eñjing, kling sun rĕmĕka, doṣane mimiranga, putrīningsun den tilari, daden punggalan, iku kang den puponi.



/20a/ 77. Yan sun gĕsang awet tinutur ing jagat, bĕcik sun angĕmasi, ndan sa inujaran, pada asawur pakṣya, tuhu çabda çrī bhūpati, ndan sami nĕmbah, amit eng çrī bhūpati.

78. Pada mantuk sowang sowang garawalan, sinajareng rwangneki, ngagĕm lungaa prang, mangko sami dadakan, ndan gendongan tin bahi, ndan gĕndongan muninya, geger wong sanagari.

79. Warṇa eñjang nātheng Gĕglang mangkata, anitih kudañjrihi, wadwa pangayunan, lampahe asalaga, kadi tan tṛṣṇa ring urip, wet ning katṛṣṇan, sihe çrī bhūpati.

80. Tan kawarṇa nāthĕng Gĕglang katragyan, nāthĕng Daha kawarṇi, wusirengaturan, denira sang amatya, nāthĕng Gĕglang nglurugi, Kling sinadhya, kum ngut çrī bhūpati.

81. Tan pantara linggarira gĕglisan, kudane nut eng uri, pakatyak panĕgar apan lunga dadakan, para mantrī ..
...

(ng? 82. Nāthĕng Daha meh prāpta ampihan deça, Kling nulya kapanggih lan nāthĕng Gĕglang, prabhu Daha mĕkula, aduh yayi prabhu mangkin, ajage tragya, rawas ring wṛdayeki.

rawos??

83. Ndĕnda ning suta aja milĕt eng ajya, iku rawosĕn yayi, masa tan krawosan, manah bhra rakanira, yayi den danerana mangkin, dalĕm piring putra, wus katonton ing bhūmi.

??

84. Manah braraka ikang lĕmpirakna, yan mangkin apakṣanitan wande gulaka, gĕmpur ikang nagara, kaka prabhu aji Kling, tan wande satya, wet ning putra mung siji.

20b/. 85. Mangko yayi anggo dimin kang dharaṇa, kaka upaya sandhi, pilihaknaa, dening kaka nambada, ~~xxx~~ mĕgat tṛṣṇa nekakajing . ring nanak mantrya, pradeyanorakni.

86. Wastunipun kita pada nĕgĕsakna, saka ring dama yayi, ndan nātheng Gĕglang, amisinggweng sambada, sira nāthĕng Daha nulih, mara ring taman, sadhya tĕmu artati.

Zang 5. Puh dangdang.

1. Nātheng Daha sira akapanggih, lan kang raka prabhu Kling, ika jawi ning taman prĕnahe, akakanten malĕbu, maring taman panglingpuran sih, apanggih lawan putra, rāden mantrī mĕdun, saka ring ayasakĕmbang, saha bhakti, ring ajine kalih prāpti, aturira mlas arsa.

2. Kamayangan andika bapaji, prāpteng kene, aniñjo pawitra, kawlas asih aneng kene, ........ aniñjo datĕng ing nanak, wet ning bapa tṛṣṇa ring yayi, mung sira kang sun eman.

3. Sang sudewī lara anangis, kangĕn si jĕng kang rama, tan bisa angrungu, malajĕng ngrangkul i pada, jĕng kang rama, sarwi ingaras arasi, ikusyana ring lĕmah.

4. Aturira sarwi awot sāri, singgih bapa, paling tĕmĕn tuwan, mring kawula iki mangko, sang prabhu mban dwang dulu, ~~mring kawula iki mangko, sang eling~~ ring/sira ring anakneki, pan ilange wus wayah, ana sapta tahun, eling turah ing wadana, ndan sang nātha, amĕkul anakireki, sarwi karuṇa.

21a/ 5. Saking ĕndi sira anak mami, ilangira norana kawrĕtta, mangko ana aneng kene, lah tuturana masku, age ana uninga singgih, sang sudewi matura, sarwi awot santun, anutut satingkahira, duk mūlane ilang tinuturan ĕnti, kang rama kaantaka.

6. Tinulungan denira sang aji, saking Kling miwah rāden mantrya, pada angrangkula age, sang kalĕngĕr pinundut, ingunggahan ring/yasa/linggih, anulya anglilira, putrīne ringnangkul aduh ñawa anakingwang, biyangira mangko kari bhranta kingking, lwir edan {k arungrungan.

7. Sang sudewī sira nangis malih, kangĕn biyangira agung rimang, prabhu Kling nangis mangke, milu angrangkul suku, sarwi angling aduh ta nini, sun bapa sukur bhagya, lwir kadi anĕmu, muteara saking swarga, twas pun bapa, atĕmu lan anak putrī, sarwi ngusap usap.

?? 8. Tan kawarṇa polahe {pa panggih, lanang anak, nathêng Daha sira , wus amit mijil ta age, añjugjug ing sang ratu, i Gĕglang apan anganti, anulih kapanggiha, ajajar

alungguh



alungguh, ana ring soring mandira, nāthêng Daha, anuturi çrī bhūpati, Gĕglang saha wakca.

9. Sapajare putrīnira uni, tinlasan, tinutur sadaya, nāthêng Gĕglang ndan linge, yan mangkana sang prabhu, sekur dewu pamūji mami, katĕkan dening anak, sawure sang prabhu, Daha lah ta yen mangkana, dahat padang, karṇa ningsun, angrĕngĕ ling ring wingking putra tuwan.

10. Masa wande atĕtĕmu malih, lan inanak mantrī angapa karo mamaru misane, mangko sunda tulus, sihandika sanak lan mami, tiñjonananak tuwan, srĕti atĕtĕmu, kalawan jĕng raka tuwa, nāthêng Kling, pan kari ring taman mangkin, sarĕng lan anakira.

[sun nĕda?]

X O X